



Plis Enfòmasyon

Dwa Pou Kominote Delaware la Konnen:
de.gov/epcra

Aksè Piblik

Pòtay Piblik anliy lan nan de.gov/chemicalportal kreye pou ogmante konsyantizasyon ak konesans piblik sou pwodwi chimik ki nan kominote nou yo, epi pèmèt aksè a done EPCRA tankou non etablisman ak lokalizasyon, non chimik, ak danje fizik ak sanitè.

Nan kad Lalwa Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Act, FOIA), manm piblik la ka mande aksè pou analize pwodwi chimik, itilizasyon yo, danje, notifikasyon ijans, degajman chimik nan etablisman Delaware pandan y ap itilize pwosedi anliy lan nan dnrec.alpha.delaware.gov/foia.

Rankont piblik yo pibliye sou kalandriye eta a nan publicmeetings.delaware.gov/

Komisyon Repons Ijans Eta a LEPC/DEMA (SERC): dema.delaware.gov/response/serc

EPCRA Federal:
epa.gov/epcra

Repons Ijans DNREC

Pou rapòte ekoulman oubyen degajman yon materyèl danjre
24/7, rele 800-662-8802
oubyen #DNR (#367) sou telefòn Verizon.

Pou resevwa alèt nan men Sistèm Notifikasyon Degajman Anviwònmantal nan Delaware, abòne nan derns.dnrec.delaware.gov.



DNREC DIVISION OF
WASTE AND HAZARDOUS
SUBSTANCES

Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl
Anviwònman nan Delaware



Divizyon Dechè ak Sibstans Danjre

EPCRA Reporting Program
155 Commerce Way, Suite B
Dover, DE 19904
302-739-9405
de.gov/epcra



EPCRA:

Lalwa nan Delaware
Sou Planifikasyon Ijans ak Dwa
Pou Kominote a Konnen





Kisa EPCRA a ye?

Lwa nan Delaware sou Planifikasyon Ijans ak Dwa pou Kominote a Konnen (EPCRA) ekzije epi sipòte planifikasyon ijans nan nivo lokal ak pwomouvwa angajman piblik nan jesyon danje chimik nan kominote nou yo.

EPCRA gen kat seksyon prensipal:

- Notifikasyon Planifikasyon Ijans ak Plan Repons Ijans
- Notifikasyon Degajman Ijans
- Rapòte Envantè Pwodwi Chimik Danjre
- Envantè Ekoulman Pwodwi Chimik Toksik

Pwovizyon planifikasyon pou ijans nan EPCRA ede kominote prepare pou aksidan chimik posib/potansyèl, pandan pwovizyon dwa pou konnen ede ogmante konesans ak aksè piblik la a enfòmasyon sou prezans, itilizasyon, degajman pwodwi chimik nan etablisman endividyèl.

EPCRA sipòte aktivite sa yo pou l ka sèvi moun Delaware:

- Ekri plan ijans pou pwoteje moun Delaware kont aksidan chimik.
- Etabli pwosedi pou avèti ak evakye kominote nan ka yon ijans.
- Ofri rezidan ak otorite lokal yo enfòmasyon sou pwodwi chimik danjre ak ekoulman aksidantèl pwodwi chimik nan kominote yo an.
- Prepare rapò piblik sou ekoulman anyèl pwodwi chimik toksik nan lè, dlo ak tè a.

Kijan EPCRA Fonksyone

Pwogram EPCRA Delaware a kolekte rapò nan men etablisman epi rann enfòmasyon sa a disponib pou benefisyè deziyen nan kad EPCRA federal. Etablisman nan Delaware gen obligasyon pou yo rapòte enfòmasyon sou pwodwi chimik yo itilize ak estoke nan lokal yo epi pwodwi chimik ki degaje nan anviwònman an, pandan y ap swiv obligasyon federal ak kondisyon adisyonèl onivo eta a.

Kreye nan kad Lalwa EPCRA an 1986 la, Komisyon Repons Ijans onivo Eta a (State Emergency Response Commission, SERC) enkli reprezantan gouvènman onivo eta ak lokal, òganizasyon ak endistri.

Delaware genyen tou kat Komite Planifikasyon Ijans Lokal (LEPC), youn pou chak konte ak pou vil Wilmington. LEPCs se kolòn vètebral EPCRA eta a, pandan li fòme yon patenarya ant gouvènman lokal, endistri ak kominote a.

LEPCs devlope plan repons pou ijans materyèl danjre epi ofri espas pou angajman onivo lokal. Afilyasyon nan LEPC enkli fonksyonè onivo eta ak lokal, lapolis, ponpye, defans sivil, pwofesyonèl sante piblik, fonksyonè anviwònman, lopital ak transpò, reprezantan etablisman yo, gwoup kominote ak medya.

EPCRA travay nan fason rapwoche ak SERC epi manm LEPC yo pou amelyore repons ijans onivo eta ak lokal epi kapasite preparasyon pou materyèl danjre. Ajans Jesyon Ijans nan Delaware (Delaware Emergency Management Agency, DEMA) responsab pou administrasyon ak kontwòl ak kowòdinasyon SERC pou aktivite LEPC nan eta a.

Dwa pou Konnen Kominote a: Konnen Vwazen Chimik ou yo

Delaware te dokimante plis pase 13,000 pwodwi chimik idantifye, plis pase 2600 etablisman inik, ak plis pase 300 sibstans yo konsidere kòm ekstrèmman danjre. Done sou pwodwi chimik sa yo, sibstans danjre ak etablisman yo itilize pa plis pase 60 konpayi ponpye onivo eta a ak nan LEPC eta yo.



Danje komen pou w okouran de yo:

- Konbistib enflamab tankou dyezèl, gazolin, kewozèn, metanòl
- Eksplozif tankou asetilèn, pwopàn
- Gaz nitwojèn anba presyon
- Pwodwi toksik tankou lwil motè, fòmaldeyid, klorat sodyòm
- Iritan: asid asetik, silfat aliminyòm, penti (po/respiratwa); anpil batri (kowozif pou po); klworin, asid borik, oksid kalsyòm (je)

Se dwa abitan Delaware pou yo okouran de pwodwi chimik ki nan kominote yo. Plis rezidan yo aprann sou, konprann epi patisipe nan jesyon danje chimik, plis sekirize kominote nou yo pral vini pou tout moun.

An repons ak regleman EPCRA, otorite onivo eta ak lokal, endistri ak kominote rasanble ansanm pou planifye ak prepare pou kijan pou jere materyèl toksik ak danjre epi pou rete byen enfòm sou yo.